



Pou Piblikasyon Imedya: 15/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU PWOTEJE AKSÈ AK YON SÈVIS
PATAJ MACHIN KI SE YON ANTITE SAN BI LIKRATIF KI RELE ITHACA
CARSHARE**

Lejislasyon (S.5959-B/A.5718-B) pèmèt "Gwoup Retansyon Risk" andeyò Eta ki anrejistre nan Eta New York ofri asirans otomobil pou òganizasyon san bi likratif 501(c)(3) yo nan New York

Asire Ithaca Carshare, yon sèvis pataj machin pou manm yo ki se yon antite san bi likratif, ka kontinye bay aksè enpòtan nan transpò pou moun ki pa posede yon veyikil pèsònèl, sa k ap ogmante ekite transpò ak redui emisyon yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon pou pwoteje aksè ak yon sèvis pataj machin ki se yon antite san bi likratif ki rele Ithaca Carshare ak lòt gwoup ki menm jan an nan pèmèt gwoup retansyon risk ki anrejistre nan Eta New York pou yo ofri kouvèti asirans otomobil 501 (c)(3) pou òganizasyon san bi likratif yo. Lejislasyon (S.5959-B/A.5718-B) otorize gwoup retansyon risk, ki pa otorize nan eta sa a, pou bay òganizasyon 501(c)(3) kouvèti asirans responsablite otomobil pou yo ka kontinye ofri sèvis transpò. Ithaca Carshare ak lòt òganizasyon pataj veyikil san bi liraif yo ede Eta New York vin pi pwoche pou atenn objektif klima ak ekite li yo lè yo diminye anbouteyaj sikilasyon ak emisyon kabòn. Anplis de sa, pataj machin bay aksè ak opsyon mobilite prive pou moun ki nan katye ki defavorize yo epi pou yo ofri pwogram ki finanse ak sibvansyon ki pèmèt moun sa yo itilize sèvis yo.

"Lè nou adopte lejislasyon sa a, n ap asire Ithaca Carshare ak lòt òganizasyon san bi likratif yo ka jwenn aksè ak asirans otomobil esansyèl yo bezwen pou rete ouvè, pwospere, epi bay kliyan aksè enpòtan ak transpò", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Sa a non sèlman se yon etap pou pi devan pou fè fas ak defi transpò nou yo, li se tou yon pati enpòtan nan efò nou yo pou konbat chanjman klimatik nan sipòte kwasans flòt pataj machin ak diminye emisyon kabòn."

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Ak aksè nan kouvèti asirans elaji, antite transpò pwòp san bi likratif yo ka amelyore aksè pataj vwayaj nan kominote yo – sa k ap ede diminye emisyon klimatik ak amelyore kalite lè lokal la atravè eta a. Gras ak Gouvènè Hochul, nouvo lejislasyon ki fèk adopte sa a pral ede elimine baryè ki genyen nan opsyon transpò ekitab pou tout Nouyòkè yo

pandan y ap fè nou avanse pi pre pou nou atenn objektif klimatik ak enèji pwòp Eta New York yo."

Lejislasyon (S.5959-B/A.5718-B) otorize gwoup retansyon risk, ki pa otorize nan eta sa a men ki anrejistre ak Sirentandan Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) nan kad Lwa 1986 la sou Retansyon Risk Responsablite Federal la, pou ofri asirans otomobil bay òganizasyon 501(c)(3) yo. Li pral pèmèt Ithaca Carshare ak lòt oganizasyon san bi likratif jwenn aksè ak asirans otomobil esansyèl yo bezwen pou kontinye operasyon yo.

Senatè Eta Lea Webb te deklare, "Sa a se yon jou enteresan pou Ithaca, rejyon ak eta nou an. Mèsi Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa Ithaca Carshare, pou asire w ke antite entegral san bi likratif sa a ka kontinye bay elektè nou yo aksè enpòtan ak transpò, anpil nan yo pa gen mwayen pou achte yon machin oswa chwazi pou yo pa fè sa pou redwi anprent kabòn pa yo. Poz sa a nan operasyon yo te difisil pou anplwaye Ithaca Carshare yo ki te nan chomaj ak pou manm kominote a ki konte sou sèvis yo. Ithaca Carshare te sèvi Vil Ithaca ak kominote ki antoure li yo pou plis pase 15 ane, li bay plis pase 1500 rezidan Ithaca ki sèvi ak sèvis la yon mwayen transpò ekitab ak dirab epi y ap tann li retounen ak enpasyans."

Manm Asanble Anna Kelles, te deklare, "Mwen kontan dèske Gouvènè Hochul te siyen pwojè lwa sa a, pou asire Ithaca Carshare ak tout òganizasyon san bi likratif ki gen rapò ak transpò yo kapab jwenn aksè nan asirans yo bezwen atravè yon gwoup retansyon risk pou kontinye operasyon yo. Ithaca Carshare se yon ikòn nan kominote nou an, ki reprezante valè kolektif nou yo nan ekite ak konsèvasyon anviwònmanal. Epi kòm transpò se youn nan pi gwo kontribitè nan emisyon gaz ki lakòz efè sè yo, kontinye pataj machin nan kominote a, ak avanse ak elektrifikasyon flòt pataj machin, se yon solisyon enpòtan pou konbat enpak transpò a sou chanjman klimatik la. Pandan tout ane sa a, mwen te tandè plizyè santèn elektè sou jan pataj machin enpòtan pou yo ak kijan yo konte sou li pou bezwen transpò yo. Mwen apresye enèji kominote sa a ki te ede avanse pwojè lwa sa a, epi mwen remèsye Senatè Lea Webb ak ekip li a pou patenarya esansyèl yo pandan tout pwosesis sa a."

Direktè Ithaca Carshare a, Liz Field, te deklare, "Mwen pa ka remèsye lejislatè nou yo ak Gouvènè Hochul ase pou tout travay di yo fè nan fè sa reyalize, ak manm nou yo ak sipòtè yo paske yo fè batay sa a avèk nou. Pwojè lwa sa a non sèlman sove òganizasyon nou an, men li pral pèmèt pataj machin san bi likratif atravè eta a ouvri ak pwospere. Pataj machin se yon pati enpòtan nan rezoud anpil defi transpò, pandan y ap redwi anpil emisyon kabòn yo. Mwen kontan ke New York kounye a an akò ak rès peyi a nan sa ki gen pou wè ak pataj machin."

Ithaca Carshare, yon sèvis pataj machin ki baze sou abònman ki se yon antite san bi likratif te sèvi kominote a pandan 15 ane, li te sispann operasyon yo 19 me, sa ki te kite plis pase 1,500 manm lokal yo san aksè 24 sou 24, 7 sou 7 ak 30 machin bezwen transpò pa yo akòz yon echèk nan mache asirans oto ki la depi lontan pou òganizasyon san bi likratif yo. Kounye a, pwojè sa a pèmèt òganizasyon san bi likratif yo tankou

Ithaca Carshare jwenn asirans oto nan men yon gwoup retansyon risk, jan lwa federal la pèmèt. Ithaca Carshare depann sou manm ak frè itilizasyon pou peye pou sèvis la, machin, gaz, asirans, reparasyon, ak antretyen. Sibvansyon yo ede peye pou konvèsyon an machin elektrik ak sipòte aksè ekitab ak pataj machin.

Pataj machin san bi likratif yo ede Gouvènè a atenn objektif klimatik ak ekite li deklare yo lè li diminye anbouteyaj sikilasyon ak emisyon kabòn yo. Dapre yon etid Cornell ki soti nan ane 2013, chak veyikil pataj ranplase jiska 15.3 veyikil sou wout la, sa ki soulaje fado sou enfrastrikti transpò ak depans ki asosye yo. Anplis de sa, pataj machin bay aksè ak opsyon mobilite prive pou moun ki nan katye ki pa jwenn ase sèvis yo epi yo ofri pwogram sibvansyon ki pèmèt moun sa yo itilize sèvis yo.

Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te sipòte ekspansyon òganizasyon pataj machin san bi likratif pandan plis pase yon deseni, investi plis pase 2 milyon dola nan antrepriz sa yo. Òganizasyon pataj machin san bi likratif yo te toujou bay sèvis ki nesèsè pou Nouyòkè ki defavorize yo pou yo kapab jwenn aksè ak lekòl ak opòtinite travay ak lòt sèvis enpòtan yo. NYSERDA planifye pou li investi plis pandan de ane k ap vini yo pou elaji opsyon pataj machin pou Nouyòkè yo epi siyen lwa sa a pral asire ke modèl biznis ki adrese espesyalman kominote ki nan bezwen yo pral kapab jwenn asirans machin epi kontinye opere epi li pral ede atire plis operatè san bi likratif sa yo pou sèvi lòt kominote yo nan Eta New York.

Prezidan Lejislati Konte Tompkins Ian, Shawna Black, te deklare, "Ithaca fyè dèske li genyen opsyon transpò ki vèt ak abòdab pou kominote nou an. Ithaca Carshare ofri yon sèvis etonan ki ede moun ak bezwen transpò yo san gwo fado finansye sou do yo pou yo posede yon machin. Mèsi a Manm Asanble nou an Anna Kelles, Senatè Eta Lea Webb, ak Gouvènè Kathy Hochul paske yo restore sèvis pou Ithaca Carshare. Lè nou panse pi laj, lè nou sèvi ak resous koperativ epi priorize bezwen kominote nou an, sa pral kontinye rete nan premye wòl nou kòm lidè ki eli."

Majistra Ithaca a, Laura Lewis, te deklare, "Mwen kontan anpil ak siyati Gouvènè Hochul sou pwojè lwa Ithaca Car Share la. Pwogram vital sa a satisfè bezwen transpò anpil moun nan kominote nou an. Rezidan yo pi fasil pou jwenn aksè ak makèt, amizman, ak angajman travay ak youn nan machin ki efikas an enèji Ithaca Car Share la ofri. Ithaca Car Share sipòte angajman vil nou an tou pou atenn objektif dirabilite anbisyè lè li genyen mwens machin nan wout vil lyo, epi pou reyalize ekite transpò pou moun ki pa oswa ki pa kapab posede yon machin pèsònèl. Sa se yon nouvel mèveye pou kominote nou an!"

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)